# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–21 दिसंबर 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में अन्तर्राष्ट्रीय सहकारिता बरिस दुई हजार पचीस के तहत आयोजित युवा सहकार सम्मेलन अउर यूपी कोऑपरेटिव एक्सपो क सुभारम्भ कइलें। येह मौका पर उहां के बतउलीं कि केन्द्र सरकार पहिली बेरि सहकारिता क नया मंत्रालय गठित कइलें हवे। संयुक्त राष्ट्रसंघो बरिस दुई हजार पचीस के अन्तर्राष्ट्रीय सहकारिता बरिस घोषित कइले हवे। कार्यक्रम के दौरान मुख्यमंत्री लघु अउर सीमान्त किसानन के बड़हन सौगात दिहलें। उहां के कहलीं कि प्रदेस में यूपी सहकारी ग्राम्य विकास बैंक क ब्याज करीब ग्यारह दसमलव पांच फीसदी हौ। सरकार एके कम करे के दिसा में आगे बढ़ि रहल हौ। उहां के कहलीं कि –

***मुझे अन्नदाता किसानों के लिए एक और व्यवस्था करनी है। और वह यह है कि प्रदेश के अंदर हम लोग उत्तर प्रदेश सहकारी ग्राम विकास बैंक (एलडीबी) का जो रेट ऑफ इंट्रेस्ट है लगभग 11.5 प्रतिशत है। किसान उससे लोन लेता है, लेकिन उसको बहुत ब्याज देना होता है। अब हम लोग इसको कम करने की दिशा में आगे बढ़ रहे हैं और इसके लिए मैं चाहूंगा कि यह लोन अब किसान को 6 फीसदी पर मिले। इसमें राज्य सरकार इसमें योगदान देगी और छः प्रतिशत में केवल किसान को लघु और सीमांत किसान को हम इस सुविधा का लाभ देगें।***

येह मौका पर मुख्यमंत्री सहकारिता के क्षेत्र में विसेस कार करे वाले लोगिन के सम्मानितों कइलें। कार्यक्रम में पूर्व केन्द्रीय मंत्री सुरेश प्रभु, प्रदेस सरकार क मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह अउर असीम अरूण मौजूद रहलें।

**********

केन्द्रीय विधि आ न्याय विभाग क राज्यमंत्री अर्जुन राम मेघवाल कहले हवें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में केन्द्र सरकार नागरिकन क जिनगी आसान बना दिहलें हवे। केन्द्रीय मंत्री आजु लखनऊ में कर अधिकरण आयकर अपीलीय न्यायाधिकरण के लखनऊ पीठ के रजत जयंती समारोह के सम्बोधित कइले के बाद संवाददाता लोगिन से बतियावत रहलें। येह मौका पर उहां के आयकर अधिनियम उन्नीस सौ इकसठ में संशोधन के बाद बनल अधिनियम खातिर लोगिन से सुझाव मगले हवें।

**1961 पे इनकम टैक्स एक्ट में 2025 में संशोधन हुआ। रूल्स अभी बन रहे हैं। तो आपको लगता है कि संशोधन तो हो गई, फिर भी कोई कमी रही गयी है तो आप सुझाव वित्त मंत्रालय में भी दे सकते हैं, मेरे यहां भी दे सकते हैं कानून मंत्रालय में।**

केन्द्रीय मंत्री बनारस अउर देहरादून आयकर क सर्किट पीठ के पूर्ण पीठ के रूप में बदलले क भरोसो दिहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अगिला एक जनौरी से इकतीस जनौरी ले प्रदेस भर में 'सड़क सुरक्षा माह' मनवले क निरदेस दिहले हवे। एकर उद्देश्य शिक्षा, प्रवर्तन, इंजीनियरिंग अउर इमरजेंसी केयर के फोर ई मॉडल पर ध्यान केन्द्रित कई के सड़क दुरघटना के कम कइल हवे। ई मॉडल में यातायात नियमन क कड़ाई से पालन, ब्लैक स्पॉट सुधार अउर एम्बुलेंस सेवा के मजबूत कइल सामिल हौ।

**********

गृह मंत्रालय सीमा सुरक्षा बल बीएसएफ में कांस्टेबल भर्ती खातिर पूर्व अग्निवीरन क कोटा दस फीसदी से बढ़ा के पचास फीसदी कइ दिहले बा। पूर्व अग्निवीरन के पहिला बैच के ऊपरी आयु सीमा में पांच बरिस ले क छूट मिली, जबकि बचल पूर्व अग्निवीरन के तीनि बरिस के छूट मिली। अधिसूचना में कहल गइल हौ कि पूर्व अग्निवीरन के शारीरिक मानक परीक्षा अउर शारीरिक दक्षता परीक्षों में छूट दिहल जाई। अधिसूचना में कहल गइल हौ कि हर भर्ती बरिस में पूर्व अग्निवीरन खातिर रिक्ति आरक्षित रही। पूर्व सैनिकन खातिर दस फीसदी अउर ट्रेड्समैन खातिर तीनि फीसदी ले रिक्ति आरक्षित रही।

**********

रेलवे अगिला छब्बीस दिसंबर से रेल किराया के युक्तिसंगत बनाई। सामान्य श्रेणी में दुइ सौ पनरह किलोमीटर ले क जतरा खातिर किराया में कउनो बदलाव नाही कइल जाई। येह से बेसी दूरी के जतरा पर प्रति किलोमीटर एक पइसा के दर से बढ़ोत्तरी कइल जाई। मेल, एक्सप्रेस अउर वातानुकूलित गाड़ियन में ई दर दुई पइसा प्रतिकिलोमीटर होई। रेलवे के हिसाबि से केराया में बढोत्तरी से करीब छौ सौ करोड़ रूपिया क अतिरिक्त राजस्व मिली।

**********

केन्द्रीय इलेक्ट्रॉनिक्स अउर सूचना प्रौद्योगिकी मंत्रालय व्हाट्सऐप अकाउंट हैक करे खातिर घोस्ट पेयरिंग नाव क एगो साइबर कैंपेन क इस्तेमाल कइले क चेतावनी जारी कइले हौ। मंत्रालय लोगिन से संदिग्ध लिंक पर क्लिक नाही कइले के साथे–साथे बाहरी साइटों पर कब्बो आपन फोन नंबर दरज नाही करे क सलाह दिहले हवे।

**********

प्रदेस के सज्जों पूरबी जिलन में बीतल कुछु दिनन से पड़ि रहल घना कुहेसा क प्रकोप बनल हवे अउर भीषण ठंडी पडि रहल बा। कुहेसा अउर ठंडी के नाते लोगिन क जिनगी प्रभावित भइल हौ। ट्रेन देरी से चलि रहल हइन अउर हवाई यातायातों पर असर पड़ल बा। ओहर, मौसम विभाग प्रदेस के कई गो जिलन में अगिला दुई से तीनि दिनन ले घना कुहेसा क आगम जतवले हवे। सथहीं, तीस से बेसी जिलन में कोल्ड डे रहले क अनेसा जतवले हवे। कुहेसा अउर ठंडी के देखत कइ गो जिलन के जिला परसासन स्कूलन के समय में बदलाव कई दिहले हवे। करीब सज्जों जिलन में स्कूलन के खुलले क समय भिन्नही दस बजे तय कइ दिहल गइल हौ।

**********